

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang léngkah-léngkah panalungtikan anu dijieun ku panalungtik. Dina ieu desain ngawengku métode panalungtikan. Métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2006, kc. 160).


Desain ieu panalungtikan nyoko kana desain kualitatif kalayan ngagunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 2006, kc. 239).

Anu jadi dasar dipakéna métode déskriptif nya éta ieu métode bisa leuwih museur dina ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan. Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kasalahan ngagunakeun kecap pancén dina sumber data nu mangrupa surat pribadi siswa kelas VIII-B SMP Negeri 14 Bandung.

Dina desain panalungtikan, léngkah kahiji nu dipaké ku panalungtik nya éta néangan jeung ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan nu bakal ditalungtik. Léngkah nu kadua nya éta ngumpulkeun data tina objék nu ditalungtik. Dina ngumpulkeun data, panalungtik ngagunakeun instrumén panalungtikan nu mangrupa tés nulis jeung kartu data. Léngkah nu katilu nya éta ngolah data ku cara analisis unsur langsung. Saenggeus data dianalisis tur dipasing-pasing, data didéskripsikeun sacara jéntré dumasar kana kasalahan ngagunakeun kecap pancén nurutkeun wandana sarta tipe kasalahan dina tataran linguistik. Léngkah pamungkas nya éta nyieun kacindekan tina hasil analisis panalungtikan.

Desain ieu panalungtikan kagambar sakumaha bagan di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data nya éta sumber informasi minangka bahan anu bakal dianalisis (Siswantoro, 2010, kc. 70). Data dina ieu panalungtikan nya éta kasalahan ngagunakeun kecap pancén dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII-B SMP Negeri 14 Bandung. Ari sumber data nya éta subjék ti mana data dimeunangkeun (Arikunto, 2006, kc. 129). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil tulisan nu mangrupa surat pribadi nu dijieun ku siswa kelas VIII-B SMP Negeri

Neng Yulianti, 2015

KASALAHAN NGAGUNAKEUN KECAP PANCÉN DINA NULIS SURAT PRIBADI SISWA KELAS VIII-B SMP NEGERI 14 BANDUNG TAUN AJARAN 2014/2015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

14 Bandung Taun Ajaran 2014/2015. Sumber data nu dimeunangkeun jumlahna aya 33, nu dijieun ku 19 siswa awéwé jeung sésana 14 siswa lalaki.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasil anu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto, 2006, kc. 160).

Instrumén anu digunakeun pikeun meunangkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta instrumén tés anu mangrupa lembar tés ngarang. Ari nu digunakeun pikeun ngumpulkeun datana nya éta ngaliwatan kartu data.

a. Lembar tés ngarang

Ieu lembar tés ngarang téh eusina ngeunaan pituduh atawa katangtuan pikeun nulis surat pribadi. Format lembar tés nulis surat pribadi, saperti ieu di handap.

Wasta	:
Kelas	:
No. Absén	:
Soal!	
Jieun hiji surat pribadi anu eusina bébas, dina kertas anu geus disadiakeun! (Minimal 3 paragraf, ngawengku bubuka, eusi, jeung panutup surat)	

b. Kartu data

Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data kasalahan ngagunakeun kecap pancén anu aya dina surat pribadi siswa. Format kartu datana, digambarkeun saperti ieu di handap.

(001)
<i>Teu</i> lain abdi etamah. (SP1/BS/1)
Tipe kasalahan: ngagunakeun kecap panambah
Kuduna: Lain abdi éta mah.

Keterangan:

(001) : nuduhkeun nomer data kasalahan kalimah.

SP1/ : nuduhkeun sumber data surat pribadi siswa nu kahiji.

BS : nuduhkeun babagian dina surat pribadi, nu ngawengku:

- a) Tm : Titimangsa
- b) TS : Tujulna Surat
- c) BS : Bubuka Surat
- d) ES : Eusi Surat
- e) PS : Panutup Surat
- f) SaP : Salam Panutup

1 : nuduhkeun runtuyan baris dina surat pribadi siswa nu kahiji

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data tulisan surat pribadi nu dijieun ku siswa kelas VIII-B SMP Negeri 14 Bandung taun ajaran 2014/2015. Ari ngumpulkeun datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Ngayakeun tés nulis surat pribadi.
- 2) Ngumpulkeun hasil tulisan siswa.
- 3) Macaan hasil tulisan siswa.
- 4) Méré nomer kode kana surat pribadi siswa.
- 5) Nyirian kasalahan ngagunakeun kecap pancén dina tulisan surat pribadi siswa.
- 6) Nyalin kasalahan-kasalahan ngagunakeun kecap pancén kana kartu data.

3.4 Analisis Data

Téhnik anu dipaké pikeun analisis data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis unsur sacara langsung. Téhnik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber data panalungtikan mangrupa data tinulis. Unsur anu dianalisisna nya éta unsur-unsur kasalahan ngagunakeun kecap pancén dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII-B SMP Negeri 14 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Neng Yulianti, 2015

KASALAHAN NGAGUNAKEUN KECAP PANCÉN DINA NULIS SURAT PRIBADI SISWA KELAS VIII-B SMP NEGERI 14 BANDUNG TAUN AJARAN 2014/2015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Ngadaftarkeun sacara alfabétis kasalahan ngagunakeun kecap pancén tina kartu data.
- 2) Nganomeran data kasalahan naggunakeun kecap pancén.
- 3) Nyieun papasingan kasalahan ngagunakeun kecap pancén dumasar kana wandana jeung tipe kasalahan tataran linguistik.
- 4) Nganalisis kasalahan ngagunakeun kecap pancén dina surat pribadi siswa.
- 5) Ngadéskripsikeun jeung nafsirkeun kecap pancén nu kapanggih salah dina tulisan surat pribadi siswa.
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil ngolah data.